# KÓRKEM ÓNERDE ÓZ JOLIN TAPQAN XUDOJNIK

***Kamalova Gúlmaryam***
*Ózbekstan Mámleketlik konservatoriyası*
*Nókis filialı "Ulıwma kásiplik hám*
*social-gumanitar pánler kafedrası"*
*"Muzıkatanıw" qánigeligi 2-kurs studenti:*
***Saparova Gwzal***

***Annotaciya:*** Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı sheber xudojnik hám pidayı pedagog – Marat Dáwletmuratov ómiri, dóretiwshiligi hám kórkem óner tarawındaǵı xızmetleri keńnen sáwlelendirilgen. Maqalada xudojniktiń bilim alǵan jılları, ustazları, pedagogikalıq jumısı hám shańaraqlıq tárbiyası haqqında tolıq maǵlıwmatlar berilgen.

***Gilt sózleri:*** Pedagog, xudojnik, ǵayratker,

***Аннотация:*** В данной статье подробно освещается жизнь, творчество и заслуги Марата Давлатмуратова, талантливого художника и преданного своему делу педагога из Республики Каракалпакстан. В статье представлена подробная информация о годах обучения художника, его наставниках, педагогической деятельности и семейном воспитании.

***Ключевые слова:*** Педагог, художник, деятель

***Annotation:*** This article extensively covers the life, work, and contributions of Marat Davlatmuratov, a skilled artist and dedicated educator in the Republic of Karakalpakstan. The article provides detailed information about the artist's years of education, mentors, pedagogical work, and family upbringing.

***Keywords***: Teacher, artist, activist

Kórkem óner insan qálbiniń eń názik sezimlerin sáwlelendiretuǵın ájayıp álem. Bul álemde hár bir reń - ájayıp sezim, hár bir sızıq - bir tarıyx, hár bir shıǵarma bolsa júrekten shıqqan hawazı. Xudojnik bolsa bul álemdi tereń seziniwshi insan, qálbinde jámiyetlik turmıstı, insan ishki dúnyasın reńler menen súwretleytuǵın ilhamlı sheber qol. Ol jámiyetke óziniń kóz qarası, ishki dúnyası hám kórkemlik bahalawı arqalı ruwxıy azıq beredi. Qaraqalpaqstan kórkem óneri de mine usınday ruwxıy, talantlı dóretiwshiler menen maqtanıwǵa haqılı. Hár bir xudojnik súwretke ruwh baǵıshlay alatuǵın ájayıp qábilet iyesi. Olar tek gózzallıq jaratıp qoymastan, al kórkem óner arqalı milliy qádiriyatlardı abaylap, baylıqlardı qásterlep saqlaydı. Sonıń ushın da xudojnik jámiyettiń júregi, kórkem óner bolsa onıń tili. Mine, usınday júreginde ot janıp turǵan, kórkem óner tarawında óz jolın tapqan talantlı hám miynetkesh dóretiwshilerden biri - Dáwletmuratov Marat Buxarbaevich bolıp, ol 1977-jıl 31-dekabrde Tashkent qalasında

dúnyaǵa kelgen. Onıń ákesi - Buxarbay Dáwletmuratov hám anası - Amina Abdimuratova Shomanay rayonında tuwılıp, kórkem óner hám aǵartıwshılıq jolında jumıs alıp barǵan zıyalılar shańaraǵı bolıp esaplanadı. Marat tuwılǵan waqıtta ákesi Mádeniyat institutınıń "Xor dirijyorlıǵı" bóliminde oqıp atırǵan, anası bolsa "Kitapxana isi" baǵdarınıń pitkeriwshi basqıshında edi. Bul ilim hám kórkem ónerge qushtar, pák maqsetli shańaraq perzentleri turmısta óz ornın tawıp, kásibinde pidayı boldı. Ákesi Nókistegi Mádeniyat hám aǵartıwshılıq texnikumında oqıtıwshı, anası bolsa Respublika oraylıq kitapxanasında qánige bolıp isley baslaydı. Mine, usı ilim hám kórkem óner ortalıǵında ósken kishkene Marat ta kórkem ónerge bolǵan mehir júregine jıllı nur baǵıshlap, onı mehir qoyǵan insan sıpatında qáliplestirdi. Ol 1985-jılı Nókis qalasındaǵı 12-sanlı mekteptiń 1-klasına tuńǵısh qádem qoyadı. Jaslıǵınan bilimge qushtar Marat mektepte ayrıqsha bahalar menen oqıp ǵana qalmastan, sport shınıǵıwları hám dene tárbiyası tarawlarında da belsene qatnasadı.

Qálbinde gózzallıqqa bolǵan tuwma qumarlıq onı Glier atındaǵı balalar muzıka hám kórkem óner mektebine jetekleydi. Ol jerde eki jıl dawamında "Bayon-akkordeon" bóliminde bilim alıp, muzikanıń názik dúnyasınan ilham aladı. 1993-jılı mekteptiń 9-klasın tamamlaǵannan soń, óziniń dóretiwshilik jolın izlep, kórkem ónerge jáne de jaqınlasıw maqsetinde J.Shamuratov atındaǵı kórkem óner bilim jurtınıń "Súwretlew kórkem óneri" bólimine oqıwǵa kiredi. Bul jerde ol sheber xudojnik hám pedagoglar - Adilbay Xojaev, Islam Jaqsıbaev hám Nursultan Sharipovtan sabaq alıp, kórkem óner sırların puqta ieleydi. 1997-jılı bilim jurtın tamamlaǵannan soń, óziniń miynet jolın Qaraqalpaq mámleketlik quwırshaq teatrında baslaydı. Bul dáwir Marat ushın kórkem ónerde izleniw, ósiw hám músinshilik sırlarına súńgiw dáwiri boldı. Teatr direktorı Polat Aytmuratov basshılıǵında, saxna bezewleri, obrazlı quwırshaqlar jaratadı. Ásirese, ılaydan saxna qaharmanları modelin soǵıw procesleri onda músinshilikke bolǵan qızıgıwshılıqtı oyatadı. 2000-jılı Marat Dáwletmuratov kórkem ónerge bolgan sadıqlıǵı, bilimge bolǵan ıqlası menen Ájiniyaz atındaǵı Nókis pedagogikalıq institutınıń "Súwretlew kórkem óneri" bólimine oqıwǵa kiredi. Bul dáwir onıń dóretiwshilik jetilisiwi, professional qáliplesiwi ushın áhmietli basqısh boldı. Ol institutta oqıw menen birge, xudojnikler ustaxanasında jumıs isleydi, túrli buyırtpalardı orınlay baslaydı. Ásirese, músinshilik onıń qálbinde ayrıqsha iz qaldıradı. Ol hár túrli materiallar - ilay, gips, bronza sıyaqlı qurallar ústinde islew arqalı óz sezimlerin, turmıslıq oy-pikirin qáliplestiredi. Onıń hár bir esteligi - bul júrek jıllılıǵı menen jaratılǵan kórkem bir gúrriń. 2004-jılı institutti tamamlap, óz sheberligin jaslarǵa jetkeriw nietinde Nókis kórkem óner kolledjiniń "Súwretlew kórkem óneri" bóliminde oqıtıwshılıq jumısın baslaydı. Ol kórkem ónerdi ápiwayı sabaq emes, al kewillerge jol tabıwshı ullı tárbiya quralı dep bilgen.

Shákirtleriniń qálbinde kórkem ónerge bolǵan muhabbattı oyatıw, olarǵa reń, sızıq, forma arqalı milliy ruwxtı sińdiriw - onıń muqaddes miyneti edi. Marat

Dáwletmuratov kórkem óner tarawında bay hám mazmunlı dóretiwshilik jumıs alıp barǵan. Onıń dóretpeleri arasında ullı alımlar - Ibn Sina, Al-Xorezmiy, sonday-aq, I. Yusupov, Jıraw, suw qabaq kótergen qız, baqsı qız hám basqa da hár qıylı músinshilik úlgileri bar. Bul shıǵarmalar onıń kórkem oy-pikiri, texnikalıq sheberligi hám xalıqlıq ruwxtan ilhamlanǵan xudojnik sıpatında óz jolın tapqanın kórsetedi. Ol hár bir músinde ápiwayı kórinisten tısqarı, ishki filosofiyalıq mazmun, simvollıq qatlamlar hám milliy ruwxtı jámlewge umtıladı. Onıń obrazları - bul tek ǵana forma emes, al xalqımız tariyxınıń janlı gúwası, úrp-ádetler, qádiriyatlar, arzıw-niyetlerdiń kórinisi bolıp esaplanadı. Marat Dáwletmuratov búgingi kúnde tek ǵana xudojnik emes, al kórkem óner tarawında pidayı ustaz sıpatında da el xızmetinde bolıp, Nókis qánigelestirilgen mádeniyat mektebinde dóretiwshilik jolın dawam ettirgen halda jas talantlı qábilet iyelerine óz bilim hám tájiriybesin ayamay tárbiyalap kelmekte.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Adambaeva “Qaraqalpaq muzıkasınıń tariyxınan” “Qaraqalpaqstan” baspası 1985-jıl.
2. T.Adambaeva “Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq muzıkası” “Qaraqalpaqstan” baspası 1985-jıl.
3. Kamalova, G. (2023). QÁLEMI ÓTKIR KOMPOZITOR (D. Djańabaeva dóretiwshilik jolı). Вестник музыки и искусства, 1(2), 37-39...
4. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – T. 2. – №. 3. – С. 270-273.
5. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.
6. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.
7. Мазель Л.А. Анализ музыкальных произведений II часть. 2005
8. Kamalova.G. Kompozitor Dariko Jańabaeva. – Nókis, Ilimpaz. 2023.
9. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 880-884.
10. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 880-884.